

Pou Piblikasyon Imedya: 25/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ENTÈDI ENSTALASYON OUBYEN
KOUVRI PLANCHE KI GEN MÈKI NAN LEKÒL PRIMÈ AK LEKÒL SEGONDÈ YO**

***Lejislasyon an Fikse Limit pou Ekspoze a Vapè Mèki pou Etidyan yo ak Anplwaye
yo nan Lekòl la***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S.6145/A.7986) ki entèdi enstalasyon oswa kouvri planche ki gen mèki nan lekòl primè ak segondè piblik tankou piblik.

"Okenn paran pa ta dwe gen pèrèz ke pitit yo pral ekspoze a vapè mèki nan lekòl la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk mezi sa a, New York rejwenn yon ti gwoup eta ki pran mezi agresif sa a pou pwoteje sante ak sekirite timoun nou yo."

Planche jimnazyòm an kawotchou ke souvan yo te enstale nan lekòl yo apati ane 1960 jiska 1990 yo, yo te souvan gen mèki ladan yo epi yo kòmanse deteryore. Kèk nan ansyen planche yo ap emèt vapè mèki kounye a, menm nan ka kote yo enstale nouvo planche an bwa sou ansye planche ki gen mèki ladan.

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare, "Tout etidyan merite pou yo aprann nan yon anviwònman ki an sekirite, ki pa gen okenn pwodwi chimik danjere epi toksik. Mèsi a Gouvènè Cuomo dèske li ratifye mezi istorik sa a. Pwomilgasyon lejislasyon mwen an pou atake mèki pral pwoteje sekirite timoun nou yo, pandan ke li pral bay paran yo lapè nan lespri. Pwoteje etidyan nou yo anndan sal klas tankou andeyò sal klas dwe rete yon priyorite — kidonk, lidè demen yo pa merite anyen de mwens".

Manm Asanble Judy Griffin te deklare, "Planche ki gen mèki ka emèt yon vapè san odè ak san koulè ki kapab nwi devlopman yon timoun. Apre yon dekouvèt vapè mèki ki gen nivo elve nan anpil jimnazyòm distri eskolè nan Long Island, mwen fyè pou mwen di ke etidyan yo, paran yo, ak pwofesè yo ka asire yo ke sante yo pa pral riske ekspoze a vapè danjere sa ankò. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a pou fè li vin yon lwa pou lekòl nou yo kontinye rete yon lye ki an sekirite pou etidyan ki swete aprann, devlope tèt yo epi reyisi".

Ekspozisyon a vapè mèki danjere, epi timoun yo pi sansib fas a ekspozisyon sa. Ekspozisyon an ka lakòz yon moun pèdi memwa, latranblad, li ka koze ensifizans respiratwa ak lanmò. Nan fen mwa Avril 2019, Miller Place High School nan Konte Suffolk te dekouvri vapè mèki nivo elve pandan renovasyon jimnazyòm li an, sa ki te fòse lekòl la fèmen sal jimnastik la.

Lejislasyon an amande espesifikman lwa sou pwoteksyon anviwònman an, ki etabli yon limit ekspozisyon mwayèn pondere pou ekspozisyon fas a vapè mèki pou anplwaye yo oubyen etidyan yo ki se 750 ng/m³ (nanogram/mèt kib). Lwa antre anvigè imedyatman epi li aplike pou enstalasyon yo apre premye Janvyè 2021.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)